

# **BAB I**

## **BUBUKA**

### **1.1 Kasang Tukang**

Pangajaran kaparigelan basa Sunda ngawengku aspék ngaregepkeun, maca, nyarita jeung nulis. Wilga M.Rivers dina Raksarasa (2004: 156) nétélakeun yén umumna jalma déwasa diperkirakeun ngagunakeun waktuna pikeun ngaregepkeun 45 %, nyarita 30%, maca 16%, jeung nulis 9% dina aktivitas komunikasi sapopoéna. Tapi dina prungna pangajaran mah dipiharep éta opat kaparigelan basa téh porsina saimbang. Éta opat kaparigelan basa téh silih rojong antara nu hiji jeung nu séjenna.

Salah sahiji aspek kaparigelan basa anu meredih sangkan siswa leuwih produktif jeung kréatif nya éta nulis. Nulis mangrupikeun kagiatan makéna basa anu dianggap primér tur bisa disebutkeun yén nulis téh kaparigelan makéna basa anu paling kompléks jeung hésé dibabandingkeun jeung kaparigelan basa séjén. Nulis téh mangrupikeun kagiatan anu bisa ngarangsang siswa pikeun nepikeun aktivitas laku basa kayaning usul, midangkeun gagasan, pangalaman, kahayang jeung sajabana,

sacara tinulis ngaliwatan tulisan. basa kayaning usul, midangkeun gagasan, pangalaman, kahayang jeung sajabana, sacara tinulis ngaliwatan tulisan.

Salian ti éta ogé, ngaliwatan nulis urang bisa ningali kamampuh tur poténsi anu aya dina diri siswa pikeun néangan jeung apal kana informasi, mekarkeun wawasan boh sacara téoritis boh sacara faktual. Dumasar kana hal éta, siswa dipiharep bisa miboga kaparigelan nulis. Salah sahiji cara pikeun mikanyaho kamampuh siswa dina nulis, bisa katitén tina kamampuh nyieun karangan, sabab karangan mangrupikeun salah sahiji bukti konkrit hasil tina tulisan.

Tarigan (1984:186) nétélakeun "*Pengajaran menulis belum terlaksana dengan baik di sekolah. Kelemahannya terletak pada cara guru mengajar yang pada umumnya kurang bervariasi, tidak merangsang siswa dan kurang membahas karangan*".

Dumasar kana hal éta, ku kurangna variasi dina métode pangajaran nulis, bisa mangaruhan kana kamampuh nulis siswa. Teu sauetik siswa nu hésé néangan idé, nangtukeun judul, nyieun kalimah munggaran, milih kecap nepi ka siswa téh henteu bisa ngebréhkeun pikiran jeung rasa nalika nulis karangan. Ku kituna minat siswa dina nulis téh kurang.

Salah sahiji cara pikeun ningkatkeun minat jeung motivasi siswa dina nulis téh nyaéta ngagunakeun média pangajaran anu narik ati. Ku digunakeunana média anu narik ati éta, pangajaran nulis téh bisa leuwih pikaresepeun. Salah sahiji média anu bisa digunakeun dina pangajaran nulis nyaéta média lagu. Dipiharep ku digunakeunana média lagu (audio) bisa mekarkeun daya imajinasi siswa nalika nulis karangan.

Dumasar kana hal éta katut kasang tukang nu geus dipedar, ku kituna dipiharep ku ayana penelitian anu judulna “Efektivitas Media Lagu pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis Karangan Narasi Siswa Kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung” bisa manggihan cara sangkan pangajaran heunteu dianggap hésé, dumasar kana média anu rék diujikeun nya éta média lagu.

## **1.2. Watesan jeung Rumusan Masalah**

### **1.2.1. Watesan Masalah**

Masalah anu ditalungtik kudu diwatesan sangkan teu lega teuing ambahanana jeung puguh pedarana. Watesan masalahna nyaéta éféktivitas média lagu anu digunakeun pikeun ningkatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung. Anapon anu jadi média pangajaranna nya éta mangrupa kasét lagu Sunda anu judulna “ceuk saha” ti Wina.

Ambahan hasil karangan siswa anu rék ditalungtik, nyoko kana pamadegan Rahman (2005:44-45), katitén saperti ieu di handap.

- 1) Kualitas jeung Lingkup Eusi
- 2) Organisasi jeung Tampilan Eusi
- 3) Gaya Basa
- 4) Wangun Gramatikal
- 5) Éjaan
- 6) Karapihan Tulisan

### 1.2.2. Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan, masalah anu jadi udagan téh nya éta:

- 1) Naha média lagu bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung?
- 2) Kumaha bédana antara kamampuh nulis karangan narasi dina pratés jeung pascatéés pikeun pangajaran nulis siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung?
- 3) Naha média pangajaran kaparigelan nulis karangan narasi anu ngagunakeun média lagu téh éféktif?

### 1.3. Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung kasang tukang katut rumusan masalah, ieu tujuan panalungtikan pikeun ngadéskripsikeun :

- 1) Kamampuh awal (pratés) jeung kamampuh ahir (pascatéés) nulis karangan narasi ngagunakeun média lagu.
- 2) Bédana antara pratés jeung pascatéés nulis karangan narasi dina pangajaran nulis siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung.
- 3) Éféktivitas hasil pangajaran kaparigelan nulis karangan narasi ngagunakeun média lagu pikeun siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung.

#### 1.4. Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat ieu panalungtikan téh aya mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis. Mangpaat téoritisna nya éta pikeun mekarkeun média lagu dina pangajaran nulis basa Sunda di sakola.

Anapon mangpaat praktisna nya éta:

- 1) Pikeun siswa sangkan bisa ningkatkeun kamampuh, minat jeung motivasi dina pangajaran nulis basa Sunda.
- 2) Sangkan guru bisa ngukur tingkat kamampuh nulis siswa tur méré motivasi ka siswa sangkan mekarkeun deui kamampuh nulisna.
- 3) Ngaéféktikeun prosés diajar ngajar basa Sunda hususna pangajaran nulis.
- 4) Sangkan panalungtik bisa méré kontribusi anu positif pikeun ngalaksanakeun jeung mekarkeun alat évaluasi anu hadé dina prosés diajar ngajar basa Sunda.

#### 1.5. Anggapan Dasar

Anu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Nulis mangrupikeun kagiatan anu bisa ngarangsang siswa pikeun nepikeun aktivitas laku basa sacara tinulis ngaliwatan tulisan.
- 2) Média lagu bisa mekarkeun daya imajinasi siswa jeung bisa ngébréhkeun pikiran jeung rasa nalika siswa nulis karangan.

- 3) Kamampuh siswa dina nulis karangan bisa leuwih ningkat ngaliwatan latihan jeung bimbingan.

#### 1.6. Wangenan Operasional

Di handap ieu dijaskeun istilah-istilah atawa variabel-variabel panalungtikanana:

- 1) Éféktivitas dina ieu panalungtikan nya éta pangaruh media pangajaran (media lagu) anu digunakeun pikeun ningkatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung.
- 2) Média lagu dina ieu panalungtikan nya éta média (kasét lagu Sunda) nu dipaké dina nulis karangan narasi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung anu judulna “*ceuk saha*” ti Wina.
- 3) Kamampuh patalina jeung panalungtikan di dieu nya éta kamampuh atawa kabisa siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung dina nulis karangan narasi.
- 4) “ *Memulis ialah menurunkan atau melukiskan lambang-lambang grafik yang menggambarkan suatu bahasa yang dipahami oleh seseorang, sehingga orang-orang lain dapat membaca lambang-lambang grafik tersebut kalau mereka memahami bahasa dan gambaran grafik itu*”.  
(Tarigan, 1994:21)

Patalina dina ieu panalungtikan, kaparigelan nulis dijadikeun alat pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis karangan narasi.

- 5) Karangan Narasi , anu disebut narasi téh nya éta “karangan anu wandana nyaritakeun runtuyan kajadian. Kajadian-kajadian carita téh disusunna, dipatalikeuna, heula pandeurina, dirékana, jste, dina wangun carita nepi ka ngawujud fiksi gembleng, boh dina wangun prosa boh dina wangun puisi” (Iskandarwassid,1992:90)

Jadi anu dimaksud “Efektivitas Media Lagu pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis Karangan Narasi Siswa Kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung” nya éta pangaruh média pangajaran (lagu Sunda anu judulna “ceuk saha” ti Wina) kana kaparigelan nulis anu diukur ngaliwatan kamampuh nulis karangan narasi pikeun siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung.

### 1.7. Hipotésis

Hipotesis panalungtikan ieu téh nya éta :

- 1)  $H_i$  : Média lagu bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung.
- 2)  $H_o$  : Média lagu henteu bisa ningkatkeun kamampuh nulis karangan narasi siswa kelas VIII SMP Pasundan 3 Bandung.

